

Èd nan peman frè Medicare Pwogram ekonomi Medicare

Aplikasyon sila se pou wè si w admisib pou w resevwa èd pou peye prim Medicare Part B, prim Medicare Part A si w gen sa, oubyen kopeman Part A oubyen B, oubyen dediktib.

Sa ki gendwa kouvri ap depann sou revni oumenm e epou/epouz ou a genyen (si w marye).

Si w admisib pou yon pwogram ekonomi Medicare (Medicare Savings Program), w ap enskri tou nan èd siplemantè Medicare Part D (Medicare Part D Extra Help). Èd siplemantè gendwa ede avèk frè medikaman preskripsyon.

Ou ka itilize aplikasyon sila pou w fè aplikasyon pou pwogram èd siplemantè nan nitrisyon (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP). SNAP se yon pwogram federal ki ede w achte nouriti chak mwa. Si sa enterese w, tcheke kare ki sou premye paj aplikasyon an, li dwa e responsablite SNAP yo ki sou paj 3 a 6, e siyen non w sou paj 2. Aplikasyon w lan ap voye otomatik bay Ministè pou asistans tranzitwa a (Department of Transitional Assistance, DTA). Ou pa bezwen fè aplikasyon pou pwogram SNAP pou w konsidere pou pwogram ekonomi Medicare.

Ki kantite aktif m ka genyen?

Pa gen limit nan aktif yo pou Pwogram ekonomi Medicare nan Massachusetts.

Ki kantite revni m ka genyen?

Si salè w egal oubyen mwens pase montan ki make la, alò ou gendwa kalifye pou w resevwa èd nan men youn nan plizyè Pwogram ekonomi Medicare yo.

Ou	Salè w egal oubyen mwens pase*
pèsonaj selibatè	\$2,824/mwa
koup marye	\$3,833/mwa

*Limit sou revni chanje 1^e mas chak lane.

Ou ka jwenn enfòmasyon ajou sou limit nan revni nan www.mass.gov/info-details/program-financial-guidelines-for-certain-masshealth-applicants-and-members.

Gen sèten dediksyon MassHealth gendwa soustrè nan revni brit ou a lè n kalkite revni ki konte. Dediksyon sa yo dekri nan 130 CMR 520.012 jouk nan règleman 520.014.

Si m admisib pou youn nan pwogram ekonomi Medicare, kijan y ap peye m?

Si MassHealth wè w admisib pou peman pou tout prim Medicare Part B ou yo, n ap fè Medicare konn sa.

Si prim Medicare Part B ou a dedui nan benefis sekirite sosyal ou yo, prim Medicare ou a p ap dedui ankò. Sa vle di montan benefis sekirite sosyal ou a ap gen yon ogmantasyon ki egal ak montan ki soustrè pou peman prim Medicare Part B ou a.

Si w admisib pou Medicare Part B men w poko resevwa l (oubyen si lòt jan w ap peye prim Medicare Part B ou a, tankou Medicare voye ba w yon fakti chak twa mwa), MassHealth pral kòmanse peye fakti sa a pou ou.

L ap pran plizyè mwa pou benefis sekirite sosyal ou a ogmante oubyen pou MassHealth kòmanse peye fakti Medicare ou a. W ap resevwa ranbousman pou montan ou peye Medicare pou prim Part B ou a jouk nan mwa ou te vin admisib pou Medicare Savings Program. W ap resevwa ranbousman sa a menm jan ou resevwa benefis sekirite sosyal ou a kounye la.

Kilè kouvèti a kòmanse?

W ap resevwa yon avi pa lapòs sou kouvèti ou a e sou ki lè l ap kòmanse. Kouvèti ou a gendwa kòmanse nan mwa n trete aplikasyon w lan oubyen menm twa mwa anvan sa.

Si w pa admisib, avi a ap ba w rezon ki fè ou pa kalifye. Si w kwè se yon move desizyon, ou gen tout dwa pou w mande pou yon revizyon fèt. Enfòmasyon sou kijan pou w mande pou yon revizyon ekri sou do avi alekri a.

Kijan n itilize nimewo sekirite sosyal ou a

Amwenske youn nan eksepsyon ki site annapre a valab, se pou w ban n yon nimewo sekirite sosyal (Social Security Number, SSN), oubyen prèv aplikasyon fèt pou tout moun nan kòkay la k ap fè aplikasyon, sofsi gen eksepsyon ki annapre la.

Eksepsyon

Ou pa bezwen ban n yon SSN oubyen prèv aplikasyon fèt si oumenm oubyen yon moun nan kòkay ou a

- gen yon egzansyon relijye jan li dekri nan lwa federal ;
- admisib inikman pou yon SSN ki pa pou travay ; oubyen
- pa admisib pou yon SSN.

Nou sèvi avèk SSN ou a pou verifye enfòmasyon ou ban nou. Nou itilize yo tou pou detekte fwod, pou wè si yon moun ap resevwa menm benefis defwa, oubyen pou wè si lòt (yon twazyèm tyè) ta dwe peye pou sèvis.

Nou gendwa koresponn SSN yon moun kòkay ou a k ap fè aplikasyon e yon moun ki gen oubyen ki ka gen asirans medikal pou moun konsa, avèk dosye ajans yo, sa gen ladan sa ki annapre la :

- Internal Revenue Service (IRS)
- Social Security Administration
- Systematic Alien Verification for Entitlements
- Centers for Medicare & Medicaid Services
- Registry of Motor Vehicles
- Department of Revenue (DOR)
- Department of Transitional Assistance
- Department of Industrial Accidents
- Department of Unemployment Assistance
- Department of Veterans' Services, Human Resources Division
- Bureau of Special Investigations
- Department of Public Health, Registry of Vital Records and Statistics

- Bank
- Lòt etablisman finans

Dosye yo gendwa konpare avèk ajans sèvis sosyal nan eta a e nan lòt eta, ansanm ak dosye elektwonik konpayi asirans, konpayi travay, e òganism swen ki jere. Anplis, MassHealth gendwa jwenn dosye finansye ou yo (e, si l aplikab, pou tout moun nan kòkay ou a) nan men bank e lòt etablisman finans pou verifye resous finansye ou yo e detèmine admisiblite w pandan w manm nan MassHealth.

Kijan pou m aplike pou pwogram ekonomi Medicare?

1. Pou fè aplikasyon pou pwogram ekonomi Medicare yo, ranpli tanpri aplikasyon pou renouvèlman ki la a. Mete enfòmasyon sou ou e sou epou/epouz ou tou, si l rete avèk ou.

2. Siyen non w sou aplikasyon ou ranpli a, e

Voye li bay : **MassHealth Enrollment Center**
P.O. Box 4405
Taunton, MA 02780-0968

Fakse li bay : **(857) 323-8300**

Fè livrezon li an pèsòn nan :

MassHealth Enrollment Center
The Schrafft Center
529 Main St., Suite 1M
Charlestown, MA 02120

3. Lè n resevwa aplikasyon renouvèlman an, n ap revwa l. Si n bezwen plis enfòmasyon, n ap swa ekri w oswa sonnen w nan telefòn. Lè n resevwa tout enfòmasyon nou bezwen, n ap deside si w ka resevwa benefis (e si epou/epouz ka tou, si l ap fè aplikasyon tou).

4. Gen yon fòmilè pou enskri pou vote ansanm avèk aplikasyon w lan. Li pa nesè pou w enskri pou vote pou w gen yon pwogram ekonomi Medicare.

5. Si w vle pou yon moun aji pou ou kòm reprezantan otorize ou a, sèvi avèk fòmilè chwa reprezantan otorize a (Authorized Representative Designation Form, ARD) pou w fè n konn sa.

Tanpri, konnen aplikasyon sila se inikman pou pwogram ekonomi Medicare. Si w ta renmen fè aplikasyon pou tout pwogram MassHealth yo (sa gen ladan èd pou peye frè Medicare) avèk yon sèl aplikasyon, sonnen MassHealth nan (800) 841-2900, TDD/TTY : 711 si w soud oubyen mal pou w tande oubyen w gen pwòblem pou w pale, pou mande pou yon aplikasyon konplè, oubyen pou telechaje bon aplikasyon an nan www.mass.gov/lists/applications-to-become-a-masshealth-member.

Enfòmasyon prive e konfidansyèl

MassHealth devwe pou l kenbe enfòmasyon pèsònèl ou yo prive. Tout enfòmasyon pèsònèl nou gen swa sou yon moun k ap fè aplikasyon oswa sou yon manm, sa gen ladan done medikal, eta sante, e enfòmasyon pèsònèl ou ban nou nan aplikasyon ou an pou benefis e benefis ou resevwa, se enfòmasyon ki konfidansyèl. Enfòmasyon sa yo pa gendwa sèvi oubyen pataje pou rezon ki pa an rapò avèk jesyon MassHealth san w pa bay pèmisyon w, sof si lalwa oubyen jijman tribinal egzije sa.

Ou ka ban n pèmisyon alekri pou n itilize enfòmasyon pèsònèl sou sante w pou yon rezon presi oubyen pou pataje l avèk yon moun oubyen yon òganism presi. Ou ka ban n pèmisyon tou pou n pataje enfòmasyon pèsònèl ou yo avèk reprezantan otorize ou a, konseye sètifye pou aplikasyon (Certified Application Counselor, CAC) ou a, oubyen navigatè ou a, si w gen youn, e pou sa fèt ou dwe ranpli yon ARD, yon fòmilè pou chwazi yon konseye sètifye pou aplikasyon, oubyen yon fòmilè pou chwazi yon navigatè.

Pèmisyon pou pataje enfòmasyon

Si w vle n pataje enfòmasyon pèsònèl ou yo, sa gen ladan voye kopi avi admisiblite ou yo, bay yon moun ki pa reprezantan otorize ou a, ou ka ban n pèmisyon alekri pou sa fèt.

Pou konn plis sou kijan MassHealth gendwa itilize enfòmasyon ou yo, dwa ou genyen, e kijan ou ka ban n pèmisyon pou n pataje enfòmasyon ou yo, wè fòmilè pèmisyon pou pataje enfòmasyon yo e avi MassHealth sou pratik nan pwoteksyon enfòmasyon ki nan seksyon fòmilè enpòtan ki anba a.

Reprezantan otorize

Yon reprezantan otorize se yon moun ou chwazi pou l ede w jwenn kouvèti medikal nan pwogram MassHealth ofri. Ou ka fè sa tou depi w ranpli yon ARD. Yon reprezantan otorize gendwa ranpli aplikasyon w lan oubyen fòmilè revizyon sou admisiblite ou yo ; bay prèv sou enfòmasyon ki bay kèlkeswa sou ki fòm ; fè rapò sou chanjman nan revni w, adrès ou, oubyen lòt sikonstans ; jwenn kopi tout avi admisiblite MassHealth ki voye ba ou ; e aji onon w nan tout lòt koze avèk MassHealth.

Yon reprezantan otorize ka yon zanmi, yon fanmi, oubyen lòt moun oubyen òganism ou chwazi ki pou ede w. Si w vle yon reprezantan otorize, se oumenm ki pou chwazi moun sa. MassHealth pa p chwazi yon reprezantan otorize pou ou.

Se pou w deziye alekri sou ARD a moun oubyen òganism ou vle kòm reprezantan otorize ou a. Fòmilè sa a nan anvlòp aplikasyon an. Nan pifò sitiyasyon, reprezantan otorize ou a dwe pou l ranpli fòmilè sa a tou. Tanpri, wè direktiv ki sou fòmilè a pou w jwenn plis detay.

Yon reprezantan otorize kapab se yon moun k ap aji tou avèk sans responsablite pou ou si w pa ka deziye alekri yon reprezantan otorize poutèt ou gen yon pwoblèm mantal oubyen fizik, oubyen lalwa nonmen pou l aji pou ou oubyen pou aktif ou yo. Moun sa dwe ranpli seksyon aplikab yo nan ARD a. Si lalwa nonmen moun sa a pou l reprezante w, swa oumenm oswa moun sa a dwe soumèt bay MassHealth tou yon kopi dokiman ofisyèl aplikab la ki di moun sa gen tout dwa legal pou l reprezante oumenm oubyen aktif ou yo. Moun sila gendwa yon responsab legal ; jeran ; mandatè; mandatè pou swen medikal ; oubyen si moun k ap fè aplikasyon an oubyen manm lan mouri, administratè oubyen egzèkité aktif ou yo.

Fòmilè enpòtan

Ou ka jwenn fòmilè ki annapre yo sou sit entènèt nou a nan www.mass.gov/lists/hipaa-forms-for-masshealth-members.

- Avi MassHealth sou fòmilè sou pratik nan pwoteksyon enfòmasyon
- Fòmilè pou bay pèmisyon pou pataje enfòmasyon
- ARD

Ou ka sonnen n tou nan (800) 841-2900, TDD/TTY : 711, pou w mande nenpòt nan fòmilè sa yo.

Fè rapò sou chanjman

Si gen chanjman nan sitiyasyon w, sa gen ladan men se pa inikman chanjman nan revni, aktif, adrès, asirans medikal, estati imigrasyon, oubyen estati andikap, se pou w di n sa swa sou 10 jou apre chanjman an fèt oswa osito li posib. Si w pa fè n konnen chanjman sa yo, ou gendwa alò pèdi benefis ou yo. Ou ka avèti n sou tout chanjman depi w sonnen nimewo (800) 841-2900, TDD/TTY : 711.

Lòt benefis

MassHealth ka peye pou sèvis medikal dirèkteman, e gendwa peye tou pou kopeman e dediktib Medicare ou yo si w admisib. Ou gendwa jwenn benefis sa yo tou si revni e aktif ou yo pi ba pase yon sèten montan, oubyen si w gen yon andikap e w pa ko gen 65 lane. Sonnen (800) 841-2900, TDD/TTY : 711, pou w aprann sou benefis sa yo.

Ou ka sonnen nimewo sa a tou si w vle poze kesyon sou pwogram ekonomi Medicare yo.

Pifò manm ki gen Medicare e MassHealth oubyen Medicare e yon pwogram ekonomi Medicare ka jwenn èd nan Medicare pou peman frè medikaman preskripsyon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, sonnen Medicare nan (800) 633-4227, TDD/TTY : (877) 486-2048, oubyen gade nan www.medicare.gov.

Prescription Advantage ofri èd tou nan peman frè medikaman preskripsyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou benefis sa yo, sonnen gratis biwo egzekitif zafè vyeya (Executive Office of Elder Affairs) nan (800) 243-4636, TDD/TTY : (877) 610-0241.

Kiyès ki ka sèvi avèk aplikasyon sa a?

Moun nan kèlkeswa laj k ap resewva Medicare e ki inikman bezwen èd pou peman prim Medicare e pou pataj frè.

Si w vle fè aplikasyon pou lòt benefis MassHealth, oubyen pou èd nan peman frè Medicare yo, ou ka sonnen sèvis kliyantèl MassHealth la nan (800) 841-2900, TDD/TTY : 711 pou moun ki soud oubyen ki gen difikilte pou tandè oubyen gen pwoblèm pou pale, pou mande pou yon aplikasyon diferan. Ou ka rale bon aplikasyon an nan www.mass.gov/lists/applications-to-become-a-masshealth-member.

SNAP

SNAP se yon pwogram federal ki ede w achte nouriti sen chak mwa.

Tcheke kare sa a si w vle aplikasyon an ale bay Minisè pou asistans tranzitwa (Department of Transitional Assistance) pou sèvi kòm yon aplikasyon pou benefis SNAP. Se pou w li dwa e responsablite ki sou paj 3 a 6 e siyen non w sou paj 2 pou kontinye avèk aplikasyon an.

Enfòmasyon jeneral

Kiyès k ap fè aplikasyon? oumenm oumenm e epou/epouz ou

Si oumenm e epou/epouz ou rete ansanm, se pou w ban nou enfòmasyon tou sou epou/epouz ou a si l pa p fè aplikasyon pou benefis.

Oumenm	siyati	prenon		paraf non batèm
tout adrès		vil		eta ZIP
adrès pou resewva kourye lapòs (<i>si se pa menm avèk adrès ki anwo a</i>) <input type="checkbox"/> sanzabri		vil		eta ZIP
dat nesans	/ /	jann <input type="checkbox"/> G <input type="checkbox"/> F	nimewo telefòn ()	
lang aloral ou pito			lang alekri ou pito	
SSN		nimewo reklamasyon Medicare		
Epou/epouz ou	siyati	prenon		paraf non batèm
dat nesans	/ /	jann <input type="checkbox"/> G <input type="checkbox"/> F	nimewo telefòn ()	
lang aloral li pito			lang alekri li pito	
SSN		nimewo reklamasyon Medicare		

Revni

Ranpli seksyon sila pou ou e epou/epouz ou. Site revni brit pa mwa (anvan retrè taks e lòt dediksyon, tèlke prim pou Medicare Part B).

Sous revni	Montan revni brit anvan retrè taks e dediksyon	
Sekirite sosyal	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Pansyon	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Benefis pou veteran federal	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Rant oubyen fidisi	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Dividann e/oubyen enterè	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Revni nan travay (anvan retrè dediksyon)	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Revni nan lokasyon (apre depans)	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____
Lòt (presize kisa tanpri)	Oumenm \$ _____	Epou/epouz ou \$ _____

Siyen aplikasyon sila.

X _____
Siyati moun k ap fè aplikasyon oubyen reprezantan otorize Dat

X _____
Siyati epou/epouz oubyen reprezantan otorize Dat

Nou toulède, oumenm e epou/epouz ou, dwe pou n siyen si epou/epouz ou rete avèk ou. Lè w siyen, ou dakò e konprann sa ki annapre a :

- Lè m siyen aplikasyon sila, konsa m sètifye m li e m dakò avèk dwa e responsablite ki nan aplikasyon sila nan paj 3 a 6.
- Konsa m sètifye sou penn e penalite fo sèman soumisyon e deklarasyon m fè sou aplikasyon sila vre e konplèt dapre tout konesans mwen yo, e m dakò pou m aksepte e obsève dwa e responsablite pwogram ekonomi Medicare la.
- Si m tcheke kare SNAP la sou premye paj aplikasyon sila, li vle di m ap fè aplikasyon pou SNAP. M sètifye m konprann e m dakò avèk dwa, règleman, e penalite SNAP yo, jan li prezante annapre a. M mande pou MassHealth voye enfòmasyon mwen yo, sa gen ladan enfòmasyon medikal pwoteje an vèti Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA), bay Ministè pou asistans tranzitwa a pou fè aplikasyon pou benefis SNAP.

Enpòtan—Inikman pou moun k ap fè aplikasyon pou pwogram ekonomi Medicare

Si w ap soumèt aplikasyon sila kòm yon reprezantan otorize, se pou w soumèt yon ARD ban nou oubyen se pou w gen yon fòmilè nan dosye a pou n trete aplikasyon sa a. W ap jwenn ARD a nan fen aplikasyon an.

Enfòmasyon sou enskripsyon pou vote la nan anvlòp la.

Li pa nesèsè pou w enskri pou vote pou w gen yon pwogram ekonomi Medicare.

Pou moun k ap fè aplikasyon pou pwogram ekonomi Medicare

Ou bay MassHealth pèmasyon pou l jwenn tout dosye e done pou prè sou tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sila. Ou konprann ou dwe kite MassHealth konnen sou tout chanjman nan enfòmasyon ou mete sou aplikasyon sila. E w sètifye tou sou pèn fo sèman tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sila se enfòmasyon ki kòrèk e konplèt dapre konesans ou.

Enpòtan—Inikman pou moun k ap fè aplikasyon pou pwogram ekonomi Medicare

Si w ap aji onon yon moun pou ranpli aplikasyon sila, se pou w ranpli ARD ki la tou e voye l tounen ansanm avèk aplikasyon an. Lè w siyen aplikasyon sa a kòm yon reprezantan otorize, ou sètifye sou pèn fo sèman tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sila se enfòmasyon ki kòrèk e konplèt dapre tout konesans ou yo.

Si w kwè desizyon MassHealth sou admisibilite pa kòrèk, ou gen tout dwa pou w mande pou yon revizyon. Si w pa kalifye pou w resevwa benefis, w ap resevwa enfòmasyon sou kijan pou w mande pou yon revizyon.

MassHealth ap jwenn nan men asirans medikal ou gen aktyèlman e sa w te gen anvan an, enfòmasyon sou kouvèti medikal ou a e sa epou/epouz ou tou. Sa gen ladan, men se pa inikman, enfòmasyon sou politik, prim, koasirans, dediktib, e benefis ki kouvri ki se, gendwa se, oubyen ta dwe disponib pou ou e pou epou/epouz ou.

Nan sous done e pwogram eta e federal, MassHealth gendwa jwenn dosye oubyen done sou ou e sou epou/epouz ou ki site sou fòmilè aplikasyon sila, tèlke nan Social Security Administration, Internal Revenue Service, Department of Homeland Security, DOR, e Registry of Motor Vehicles, ansanm ak nan sous done prive ki gen ladan bank, 1) pou verifye tout enfòmasyon ki soumèt sou aplikasyon an e nan tout sipleman, oubyen lòt enfòmasyon ki soumèt lè oumenm oubyen epou/epouz ou vin manm, 2) pou dokimante sèvis medikal ki reklame oubyen ki founi ba ou oubyen founi bay epou/epouz ou, e 3) pou kontinye admisibilite.

Moun k ap fè aplikasyon pou Pwogram èd sipleman nan nitrisyon (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP)

Benefis nan SNAP

Si w tcheke kare ki sou premye paj **1** an. MassHealth pral voye aplikasyon sila bay Ministè pou asistans tranzitwa (Department of Transitional Assistance, DTA). **Sa ap sèvi kòm aplikasyon w pou SNAP.** Si w admisib, SNAP ou a ap kòmanse dat DTA resevwa aplikasyon MassHealth sila. Lè w siyen non w annapre a, ou aksepte ou li e w dakò avèk dwa, responsablite e penalite SNAP nan kad pwogram lan.

Ou gendwa admisib pou benefis SNAP yo sou 7 jou ki suiv apre DTA resevwa aplikasyon sila si :

- Revni w e lajan ou gen nan bank gen yon total ki mwens pase sa w dwe peye pa mwa pou lojman, oubyen
- Revni pa mwa ou a pa rive nan \$150, e lajan ou gen nan bank se \$100 oubyen mwens, oubyen
- Ou se yon travayè migran e lajan ou gen nan bank se \$100 oubyen mwens.

Pou plis enfòmasyon sou SNAP nan Massachusetts, gade nan mass.gov/SNAP.

Avi sou dwa, responsablite e penalite Ministè pou asistans tranzitwa (Department of Transitional Assistance, DTA)

Avi sila site dwa e responsablite nan tout pwogram DTA yo. Ou dwe suiv règleman nan pwogram kote w fè aplikasyon.

Tanpri, li paj sa yo e kenbe yo nan dosye ou yo.

Kite DTA konnen si w vle poze kesyon.

M jire sou pèn fo sèman :

- M li enfòmasyon ki nan fòmilè sila, oubyen yon moun li l ban mwen
- Repons mwen mete sou fòmilè sila se repons ki vre e konplèt dapre konesans mwen yo.
- Nan antrevi mwen an e nan lavni, m bay DTA enfòmasyon ki vre e konplèt dapre konesans mwen yo.

M konprann :

- bay enfòmasyon ki fo oubyen twonpè se fwod,
- fè deklarasyon ki fo oubyen fè retni enfòmasyon pou jwenn benefis DTA se fwod,
- fwod konsidere yon vyolasyon entansyonèl pwogram lan (Intentional Program Violation, IPV), e
- si DTA kwè m komèt fwod, DTA ka pran sanksyon sivil e penal kont mwen.

M konprann tou :

- DTA pral verifye enfòmasyon m bay avèk aplikasyon mwen an. Si gen move enfòmasyon, DTA gendwa refize benefis mwen yo.
- M gendwa sijè tou pwosekisyon kriminel poutèt m bay enfòmasyon ki fo.
- Si DTA resevwa enfòmasyon nan men yon sous fyab osijè yon chanjman nan kòkay mwen an, montan benefis mwen yo gendwa chanje.
- Lè m siyen fòmilè sila, m bay DTA pèmasyon pou l verifye admisibilite mwen yo pou benefis, sa gen ladan :
 - Jwenn enfòmasyon nan men lòt ajans eta oubyen federal, otorite lokal pou lojman, sèvis sosyal nan lòt eta, etablisman finansyè, e Equifax Workforce Solutions (Work Number a). M bay ajans sa yo pèmasyon tou pou pataje bay DTA enfòmasyon sou admisibilite kòkay mwen an pou benefis.
 - Si DTA itilize enfòmasyon Equifax sou revni kòkay mwen an touche, m gen tout dwa pou m resevwa yon kopi gratis sou rapò Equifax gen sou mwen men se pou m fè demann lan sou 60 jou apre DTA pran desizyon an. M gen tout dwa pou m poze kesyon sou enfòmasyon ki nan rapò a. M gendwa kominike avèk Equifax nan : Equifax Workforce Solutions, 11432 Lackland Road, St. Louis, MO 63146, 1-800-996-7566 (nimewo gratis).
- M gen dwa jwenn yon kopi aplikasyon mwen an, sa gen ladan enfòmasyon DTA itilize pou l decide admisibilite kòkay mwen an e montan benefis kòkay la tou. M ka mande DTA pou yon kopi elektwonik aplikasyon ki ranpli a.

Kijan DTA ap itilize enfòmasyon mwen yo?

Lè m siyen non m annapre a, m bay DTA pèmasyon pou l jwenn enfòmasyon e pataje enfòmasyon sou mwen e sou moun nan kòkay mwen an avèk :

- Bank, lekòl, gouvènman, konpayi travay, pwopriyete kay, konpayi sèvis piblik, e lòt òganism pou wè si m admisib pou benefis.
- Konpayi elektrisite, gaz, e telefòn pou m ka resevwa rabè sou sèvis piblik yo. Konpayi yo pa ka pataje enfòmasyon mwen yo oubyen itilize yo pou lòt rezon.
- Ministè lojman e devlopman kominote pou enskri m nan pwogram chofaj e nouriti (Heat & Eat Program). Pwogram sila ede moun jwenn pi plis benefis SNAP ki posib.
- Ministè edikasyon primè e segondè pou pitit mwen yo resevwa repa gratis nan lekòl la.
- Pwogram pou fanm, tibebe, e timoun (Women n, Infants and Children, WIC) pou tout timoun ki pa ko gen 5 an oubyen yon fanm ansent ki nan kòkay mwen an jwenn WIC.
- United States Citizenship and Immigration Services (USCIS), pou verifiye estati imigrasyon mwen an. Enfòmasyon sou USCIS gendwa aji sou admisibilite kòkay mwen an e sou montan benefis DTA mwen yo.

Note byen : Menm si ou pa admisib pou benefis poutèt yon estati imigrasyon, DTA pa p fè rapò sou ou bay otorite imigrasyon amwenske ou prezante bay DTA yon manda pou depòtasyon.

- Ministè revni a (Department of Revenue, DOR) pou verifiye admisibilite mwen an nan kredi taks baze sou revni, tèlke revni ki touche e revni limite (Earned Income and Limited Income), e pou wè si m admisib pou "pa gen estati fiskal" (no tax status) oubyen estati mizè.
- Ministè timoun e fanmi (Department of Children and Families, DCF) pou kowòdone sèvis DTA e DCF founi ansanm.

Kijan èske DTA itilize nimewo sekirite sosyal (SSN)?

DTA gen otorizasyon pou l itilize SSN an vèti The Food and Nutrition Act of 2008 (7 U.S.C. 2011-2036) pou SNAP e an vèti M.G.L. c. 18 atik 33 pou TAFDC e EAEDC. DTA itilize SSN pou :

- Verifiye idantite e admisibilite chak moun nan kòkay la m fè aplikasyon pou li nan pwogram kouplaj done yo.
- Siveye konfòmite nan règleman pwogram yo.
- Ranmase lajan si DTA di m resevwa benefis m pa t otorize pou m resevwa.
- Ede òganism ki fè aplikasyon lalwa kenbe moun k ap kache.

M konprann m pa gen pou m bay DTA SSN yon moun nan kòkay mwen an ki pa sitwayen ameriken, sa gen ladan mwenmenm tou, ki pa vle resevwa benefis. Revni yon moun ki pa sitwayen ameriken gendwa konte menmsi moun ki pa sitwayen ameriken an pa resevwa benefis.

Dwa pou yon entèprèt

M konprann :

- M gen dwa gen yon entèprèt pwofesyonèl gratis DTA founi si m pito kominike nan yon lang ki pa anglè.
- Si m gen yon odyans DTA, m ka mande DTA ban m yon entèprèt pwofesyonèl gratis, oubyen si m pito, m ka vini avèk yon moun ki pral entèprete pou mwen. Si m bezwen DTA ban m yon entèprèt pou yon odyans, se pou m sonnen Division of Hearings (Divizyon odyans) omwen yon semèn avan dat odyans lan.

Dwa pou enskri pou vote

M konprann :

- M gen dwa enskri pou m vote avèk èd DTA.
- DTA pral ede m ranpli aplikasyon pou enskri pou vote a si m bezwen yo ede m.
- M ka, an prive, ranpli fòmilè aplikasyon pou enskri a.
- Fè aplikasyon pou enskri oubyen refize enskri pou vote pa p aji sou benefis DTA mwen yo.

Opòtinite anplwa

M dakò pou DTA pataje non m e kowòdone mwen yo avèk founisè anplwa e fòmasyon, sa gen ladan :

- founisè SNAP Path Work oubyen espesyalis DTA pou kliyan SNAP ; e
- founisè anplwa e fòmasyon kontraktiyèl oubyen travayè ki angaje antyèman pou kliyan TAFDC.

Kliyan SNAP gendwa patisipe volontèman nan sèvis edikasyon e fòmasyon pwofesyonèl nan kad pwogram SNAP Path to Work la.

Estati sou sitwayènte

M jire tout moun nan kòkay mwen an k ap fè aplikasyon pou benefis DTA se swa sitwayen ameriken, oswa moun ki pa sitwayen ameriken men ki gen paye rezidans legal.

Pwogram èd siplemantè nan nitrisyon (Supplemental Nutrition Assistance Program).

M konprann :

- DTA jere pwogram SNAP la nan Massachusetts.
- Lè m depoze yon aplikasyon avèk DTA (nan telefòn, anliy, fasafas, pa lapòs, oubyen pa faks), DTA gen 30 jou apati dat kote li resevwa aplikasyon mwen an pou l decide si m admisib.
 - Si m admisib pou SNAP akselere (dijans), DTA gen pou l ban m SNAP e asire m gen yon katon pou transfè elektwonik benefis (Electronic Benefit Transfer, EBT) sou 7 jou apre dat yo resevwa aplikasyon mwen an.
 - M gen dwa pale avèk yon sipèvizè DTA si :
 - DTA di m pa admisib pou benefis SNAP dijans, e m pa dakò. M admisib pou benefis SNAP dijans, men m pa resevwa benefis mwen yo sou setyèm jou apre m fè aplikasyon pou SNAP.
 - M admisib pou benefis SNAP dijans, men m pa resevwa katon EBT mwen an sou setyèm jou apre m fè aplikasyon pou SNAP.
- Lè m resevwa SNAP, gen sèten règleman m dwe respekte. Lè m apwouve pou SNAP, DTA ap ban mwen yon kopi bwochi "Dwa pou konnen" an e bwochi sou pwogram SNAP la. M pral li bwochi yo oubyen yon moun pral li yo ban mwen. Si m vle poze kesyon oubyen m bezwen èd pou li oubyen konprann enfòmasyon sa yo, m ka sonnen DTA nan 1-877-382-2363.
- Pale avèk DTA sou chanjman nan kòkay mwen an :
 - Si m se yon kòkay deklarasyon senplifye SNAP (SNAP Simplified Reporting), m pa gen pou m siyale pifò nan chanjman yo bay DTA jouk tan rapò enterimè a oubyen resètifikasyon an dwe. Sèl bagay m gen pou m siyale pi bonè se :
 - Si revni kòkay mwen an depase limit revni brit la (jan li endike sou avi apwobasyon mwen an).
 - M gen pou m siyale sa anvan 10^{zyèm} jou nan mwa ki suiv mwa revni mwen an plis pase limit la.

- Si m gen pou m respekte règleman travay pou moun majè san depandan ki kapab (Able-Bodied Adults Without Dependents, ABAWD) e orè travay mwen an bese mwens pase 20 è pa semèn.
- Si tout moun nan kòkay mwen an gen 60 lane oubyen pi gran, gen andikap, oubyen gen mwens pase 18 lane, e pèsòn pa gen revni nan travay, sèl sa m gen pou deklare se :
 - Si yon moun kòmanse travay, oubyen
 - Yon moun vini oubyen kite kòkay mwen an.
 - M gen pou m siyale chanjman sa yo anvan 10^{zyèm} jou nan mwa ki suiv mwa chanjman an fèt.
- Si m resevwa SNAP nan Minisè pou asistans tranzitwa (Transitional Benefits Alternative, TBA) poutèt TAFDC mwen an kanpe, m pa gen pou m deklare yon chanjman bay DTA pandan tout 5 mwa m resevwa TBA.
- Si m resevwa SNAP nan Bay State CAP, m pa gen pou m deklare chanjman yo bay DTA.

Si mwenmenm e tout moun nan kòkay mwen an resevwa èd lajan kach (TAFDC oubyen EAEDC), se pou m deklare sèten chanjman bay DTA sou 10 jou apre chanjman an.

Mwen gendwa resevwa plis benefis SNAP si, nenpòt lè, m siyale e bay DTA prèv pou sa ki annapre a :

- Frè pou okipe timoun e lòt depandan, frè lojman e/oubyen frè pou sèvis piblik ;
- Pansyon alimantè pou timoun mwen (oubyen yon moun nan kòkay mwen an) responsab pou n peye legalman bay yon moun ki pa nan kòkay la ; e
- Frè medikal pou moun nan kòkay mwen an, sa gen ladan mwenmenm, ki gen 60 lane oubyen ki pi gran oubyen ki gen andikap.

Règleman travay pou kliyan SNAP yo : Si w resevwa benefis SNAP e laj ou se ant 16 a 59 lane, ou toujou dwe respekte règleman jeneral SNAP sou travay oubyen règleman travay ABAWD amwenske ou egzante. DTA pral di ni mwen ni moun kòkay mwen an si n dwe respekte règleman travay, ki egzansyon ki genyen, e kisa k ap rive si n pa respekte règleman yo.

Si w anba règleman travay SNAP yo, ou dwe :

- Enskri pou travay sou aplikasyon an e lè w resètifye pou SNAP. Ou enskri lè w siyen aplikasyon SNAP la oubyen fòmilè resètifikasyon an.
- Bay DTA enfòmasyon sou estati anlwa ou a lè DTA mande.
- Siyale bay yon anlwayè si DTA refere w.
- Aksepte yon òf anlwa (amwenske ou gen yon bon rezon pou w pa fè sa).
- Pinga demisyone yon anlwa ki bay plis pase 30 è travay pa semèn san w pa gen yon bon rezon valab.
- Pinga diminye yon anlwa pou mwens pase 30 è travay pa semèn san w pa gen yon bon rezon valab.

Règleman SNAP

- Pinga bay fo enfòmasyon oubyen kache enfòmasyon pou resevwa benefis SNAP.
- Pinga chanje e vann benefis SNAP.
- Pinga modifiye katon EBT pou jwenn benefis SNAP ou pa admisib pou w resevwa.
- Pinga itilize benefis SNAP pou achte atik ki pa admisib, tèlke bwason alkolize e tabak.

- Pinga itilize benefis SNAP oubyen katon EBT lòt moun amwenske ou se yon reprezantan otorize, oubyen destinatè a ba w pèmision pou w itilize katon pa yo a onon de yomenm.

Avètisman sou penalite SNAP

M konprann si mwenmenm oubyen yon moun nan kòkay SNAP mwen an ekspre pa respekte yon règleman ki site anwo a, moun sa pa p admisib pou SNAP pou yon lane apre premye vyolasyon an, de lane apre dezyèm vyolasyon an e pa p jamè admisib apre twazyèm vyolasyon an. Moun sa a gendwa pou l peye tou yon amann ki ka jouk \$250,000, pran prizon pou jouk 20 lane, oubyen toude. Li gendwa viktim prosekisyon tou an vèti lwa federal e lwa eta a.

M konprann tou penalite ki suiv yo. Si mwenmenm oubyen yon moun nan kòkay SNAP mwen an :

- Komèt yon vyolasyon entansyonèl (Intentional Program Violation, IPV), nan **pwogram kach** la, moun sa pa admisib pou SNAP pou menm peryòd li pa admisib pou èd kach.
- Fè deklarasyon fwod sou idantite oubyen rezidans yo pou jwenn plizyè benefis SNAP **nan menm lè** fè li pa p admisib pou SNAP pou **dis lane**.
- Fè echanj (achte oubyen vann) benefis SNAP pou yon sibstans kontwòl oubyen dwòg, li pa p admisib pou SNAP pandan **de lane** pou premye dekouvèt la, e pa p **jamè** admisib apre dezyèm dekouvèt la.
- Fè echanj (achte oubyen vann) benefis SNAP pou zam, aminisyon oubyen eksplozif, li pa p **jamè** admisib pou SNAP.
- Fè yon òf pou vann benefis SNAP oubyen yon katon EBT anliy oubyen fasafas, eta a gendwa pou suiv yon IPV kont li.
- Peye pou nouriti ki achte avèk kredi, li pa p admisib pou SNAP.
- Achte pwodui avèk benefis SNAP avèk lentansyon pou jete kontni a e retounen respinyan yo pou kach, li pa p admisib pou SNAP.
- Kouri kite pou evite pwosekisyon, nan men lapolis oubyen anprizonnan apre kondamnasyon pou yon krim, li pa p admisib pou SNAP.
- Vyolasyon libète sou kondisyon oubyen libète kondisyonèl, kote fòs delòd ap chèche arete l, li pa p admisib pou SNAP.

Tout moun ki vin yon kriminèl kondane apre 7 fevriye 2014 pa admisib pou benefis SNAP si moun lan se yon kriminèl ki kouri kite oubyen ki fè vyolasyon yon libète sou kondisyon oubyen libète kondisyonèl - konfòmman ak 7 CFR §273.11(n) - e moun lan te rekonèt koupab tankou yon moun majè pou :

1. Abi seksyèl agrave an vèti atik 2241 nan tit 18, U.S.C. a ;
2. Asasina an vèti atik 1111 nan tit 18, U.S.C. a ;
3. Yon enfraksyon an vèti chapit 110 nan tit 18, U.S.C. a ;
4. Yon enfraksyon federal oubyen eta ki enplike yon agresyon seksyèl, jan li defini nan atik 40002(a) nan 1994 VAWA (42 U.S.C. 13925a) a ; oubyen
5. Yon enfraksyon an vèti lwa eta a ki detèmine pa pwokirè jeneral kòm sibstansyèlman sanblab ak yon enfraksyon ki dekri nan lis sa a.

Deklarasyon sou non-diskriminasyon

Konfòmman ak lwa federal sou dwa sivil e règleman e polis ministè agrikilti Etazini Damerik (U.S. Department of Agriculture, USDA) an matyè dwa sivil, li entèdi pou etablisman sa a deskrimine baze sou ras, koulè po, peyi natifnatal, sèks (sa gen ladan idantite jann e oryantasyon seksyèl), kwayans relijyez, andikap, laj, kwayans sou politik, oubyen reprezay oubyen vanjans pou aktivite anteryè an favè dwa sivil.

Enfòmasyon sou pwogram lan gendwa disponib nan lòt lang pase lang anglè. Moun ki gen andikap e ki bezwen metòd kominikasyon altènatif pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan (pa egzanp : bray, gwo karaktè, bann odyo, lang siy ameriken), dwe kominike avèk ajans lan (eta oubyen lokal) kote li te fè aplikasyon pou benefis yo. Moun ki soud, ki tande di, oubyen ki gen difikilte pou pale gendwa kominike avèk USDA a atravè sèvis relè federal la (Federal Relay Service) nan nimewo (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent sou diskriminasyon nan kad pwogram lan, moun k ap pote plent lan dwe ranpli fòmilè AD-3027, USDA Program Discrimination Complaint Form, ki disponib anliy nan : <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan tout biwo USDA, nan telefòn (833) 620-1071, oubyen nan voye yon lèt bay USDA. Se pou lèt la gen non, adrès, nimewo telefòn moun k ap pote plent lan, yon deskripsyon alekri sou zak diskriminatwa akize a avèk ase detay pou enfòmè sekretè adjwen pou dwa sivil (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) sou rezon e dat enfraksyon sou dwa sivil akize a. Fòmilè AD-3027 ki ranpli a dwe soumèt bay :

1. pa lapòs :

Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria, VA 22314 ; oubyen

2. pa faks :

(833) 256-1665 oubyen (202) 690-7442 ; oubyen

3. imèl :

FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov.

Etablisman sa a se yon founisè ki gen respè egalego pou tout moun.

Ou ka soumèt fòm sa a si ou ta renmen chwazi yon reprezantan otorize pou aji nan non ou. Si se yon reprezantan otorize ki te siyen aplikasyon ou an pou ou, oswa si ou se yon reprezantan otorize k ap aplike nan non yon lòt moun, ou **DWE** soumèt fòmilè sa a pou nou ka trete aplikasyon an.

Ou pa bezwen ranpli fòmilè sa a si w ap viv nan yon sant epi ou vle yo voye kopi notis konsènan elijibilite yo ba ou ak bay mari / konjwen w ki toujou abite lakay ou. N ap fè sa otomatikman.

Remak: Yon reprezantan otorize gen otorite pou li aji nan non yon aplikan oswa yon manm nan tout sa ki konsène MassHealth ak Health Connector, epi l ap resevwa enfòmasyon pèsònèl sou aplikan an oswa manm nan jiskaske nou resevwa yon notis pou anile otorite yo te genyen an oswa lè aplikan oswa manm lan mouri. Otorite yo pa p fini otomatikman lè nou trete aplikasyon ou an.

Ou ka chwazi yon moun pou ede ou.

Ou ka chwazi yon reprezantan otorize pou ede ou jwenn asirans sante nan pwogram MassHealth ak Health Connector ofri ofri. Pou fè sa, ranpli fòmilè sa a (Fòmilè deziyasyon pou reprezantan otorize). Oumenm oswa yon reprezantan ka siyen pou ou e pou nenpòt nan timoun depandan ou yo ki poko gen 18 lane epi ou se paran ki gadyen legal timoun nan. **Ou pa oblije gen yon reprezantan pou w aplike oswa pou resevwa avantaj.**

Ki moun ki ka ede m?

1. Yon reprezantan otorize kapab yon zanmi, yon fanmi, yon pwòch, oswa yon lòt moun oswa òganizasyon ou chwazi epi ki dakò pou ede ou. Se oumenm k ap deside si w vle chwazi yon reprezantan otorize. Ni MassHealth ni Health Connector pa pral chwazi yon reprezantan otorize pou ou. Se oumenm ki pou chwazi alekri (ranpli Seksyon I, Pati A) moun oswa òganizasyon ou vle kòm reprezantan otorize ou a. Reprezantan otorize ou a dwe limenm tou ranpli Seksyon I, Pati B. Pafwa nou rele moun oswa òganizasyon sa a yon "Reprezantan otorize Seksyon I."
2. Si ou pa ka chwazi yon reprezantan otorize alekri epi ou pa gen yon reprezantan otorize oswa yon lòt moun ki gen otorizasyon devan lalwa pou aji nan non ou deja, yon moun (pa yon òganizasyon) ki sètifye li pral aji yon fason responsab nan non ou ka vin reprezantan otorize ou si moun sa a ranpli Seksyon II nan fòmilè sa a. Pafwa nou rele moun sa a yon "Reprezantan otorize Seksyon II."
3. Epitou, yon reprezantan otorize kapab yon moun yo te nonmen devan lalwa pou aji nan non ou, oswa pou reprezante patrimwàn yon aplikan oswa manm ki te mouri. Moun sa a dwe ranpli Seksyon III epi swa oumenm oswa moun sa a dwe soumèt ban nou, ansanm ak fòmilè sa a, yon kopi dokiman jiridik apwopriye ki di moun sa a gen otorite pou reprezante ou, oswa patrimwàn aplikan oswa manm ki mouri a. Pafwa nou rele moun sa a yon "Reprezantan otorize Seksyon III."
4. Yon reprezantan otorize **Seksyon III** kapab yon gadyen legal, yon konsèvatè, yon moun ki gen pwokirasyon, oswa yon manda swen sante, oswa, si aplikan an oswa manm lan mouri, reprezantan pèsònèl patrimwàn li an.

Kisa yon reprezantan otorize ka fè?

Yon reprezantan otorize **Seksyon I** oswa **II** kapab

- ranpli fòmilè aplikasyon oswa fòmilè renouvèlman yo ;
- ranpli lòt fòmilè elijibilite oswa enskripsyon pou MassHealth oswa Health Connector ;
- bay prèw enfòmasyon yo deklare nan fòmilè sa yo ;
- deklare chanjman nan revni, adrès, oswa lòt sikonstans ;
- pran kopi tout avi elijibilite ak enskripsyon MassHealth ak Health Connector ou yo ; epi
- aji pou ou nan tout lòt zafè avèk MassHealth ak Health Connector.

Sa yon reprezantan otorize **Seksyon III** kapab fè pou ou (oswa ak patrimwàn yon aplikan oswa manm ki mouri a) pral depann sou langaj ki nan nominasyon legal la.

Tanpri sonje: Notis sou elijibilite yo ka gen enfòmasyon sou lòt moun ki nan menm fwaye ak yon aplikan oswa manm lan. Si gen plizyè moun nan fwaye ou a, nou gendwa pa ka voye kopi kèk nan avi ou yo bay reprezantan otorize ou an amwenske chak moun nan fwaye ou a te siyen yon fòmilè pou chwazi menm reprezantan otorize lè yo chak te ranpli pou tèt yo yon fòmilè pou chwazi reprezantan otorize a.

SEKSYON 1 Deziyasyon pou reprezantan otorize (si aplikan oswa manm lan pa ka siyen)

Pati A—se aplikan an oswa manm lan ki pou ranpli pati sa a. Tanpri ekri an lèt detache, sof pou kote w ap siyen an.

Non manm/aplikan an		Dat manm/aplikan an te fèt (mwa/jou/ane)	
Nimewo Idantifikasyon MassHealth _____ OSWA kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal Aplikan/Manm lan _____			
Adrès imèl manm/aplikan an			
Mwen sètifye mwen te chwazi moun oswa òganizasyon sa a pou li ka vin reprezantan otorize mwen ak nenpòt ki timoun depandan ki poko gen 18 lane mwen se gadyen legal yo epi mwen konprann tach ak responsablite moun oswa òganizasyon sa a pral genyen (jan nou te eksplike pi wo nan fòmilè sa a).			
Siyati manm/aplikan an		Dat la	
Non reprezantan otorize a		Nimewo telefòn reprezantan otorize a	
Adrès reprezantan otorize a (adrès postal ak vil, eta, ak kòd postal)			

Pati B—se reprezantan otorize a ki pou ranpli pati sa a. Tanpri ekri an lèt detache, sof pou kote w ap siyen an.

B1. RANPLI PATI SA A SI REPREZANTAN OTORIZE A SE YON MOUN.

Mwen sètifye mwen pral toujou kenbe konfidansyèl tout enfòmasyon konsènan aplikan an oswa manm nan non li anwo a, epi si genyen, timoun ki sou kont aplikan oswa manm sa a, mwen resevwa nan men MassHealth oswa Health Connector.

Si mwen se yon pwofesyonèl swen sante, yon anplwaye, oswa yon benevòl ki asosye ak yon òganizasyon, epi m ap aji antanke yon pwofesyonèl swen sante, yon anplwaye, oswa yon benevòl ki an rapò ak chwa m kòm yon reprezantan otorize, mwen sètifye mwen pral toujou respekte tout lwa federal ak eta ki apwopriye ak regleman konsènan konfidansyalite enfòmasyon ak konfli enterè tankou sa yo ki etabli nan 42 C.F.R. pati 431, pati segondè F, 42 C.F.R. § 447.10, ak 45 C.F.R. § 155.260(f).

Siyati reprezantan otorize a		Dat la	
Non reprezantan otorize a ekri an lèt detache		Adrès imèl reprezantan otorize a	

B2. RANPLI PATI SA A SI REPREZANTAN OTORIZE A SE YON ÒGANIZASYON.

Mwen sètifye, nan non òganizasyon non li anba a, òganizasyon sa a pral toujou kenbe konfidansyèl tout enfòmasyon konsènan aplikan an oswa manm nan non li anwo a, epi si genyen, timoun ki sou kont aplikan oswa manm sa a, òganizasyon an resevwa nan men MassHealth oswa Health Connector.

Mwen menm k ap ranpli fòmilè sa a, ki se pwofesyonèl swen sante, yon anplwaye, oswa yon benevòl òganizasyon non li anwo a, sètifye nan non pa m ak nan non òganizasyon mwen reprezante a, nenpòt pwofesyonèl swen sante, anplwaye, oswa benevòl k ap aji nan non òganizasyon sa a an ki an rapò ak chwa reprezantan otorize an, y ap toujou respekte tout lwa federal ak eta ki apwopriye ak regleman konsènan konfidansyalite enfòmasyon ak konfli enterè tankou sa yo ki etabli nan 42 C.F.R. pati 431, pati segondè F, 42 C.F.R. § 447.10, ak 45 C.F.R. § 155.260(f).

Siyati pwofesyonèl swen sante, anplwaye a, oswa benevòl k ap ranpli fòmilè a		Dat la	
Non pwofesyonèl swen sante, anplwaye a, oswa benevòl k ap ranpli fòmilè a an lèt detache			
Imèl pwofesyonèl swen sante, anplwaye a, oswa benevòl k ap ranpli fòmilè a		Non òganizasyon ki reprezantan otorize a	

SEKSYON 2 Deziyasyon pou reprezantan otorize (si aplikan an oswa manm lan pa ka bay chwa a alekri)

Se reprezantan otorize a ki pou ranpli pati sa a. Tanpri ekri an lèt detache, sof pou kote w ap siyen an. Tanpri bay yon fòmilè apa pou chak aplikan oswa manm.

YON ÒGANIZASYON PA ELIJIB POU LI YON REPREZANTAN OTORIZE ANBA SEKSYON SA A.

Mwen sètifye aplikan oswa manm non li anwo a pa ka fè yon chwa alekri daprè pi bon konesans mwen, li pa gen yon lòt moun ki te ka aji pou li tankou yon reprezantan otorize, yon gadyen legal, yon konsèvatè, yon reprezantan pèsònèl patrimwàn li, yon moun ki gen pwokirasyon, oswa yon mandatè swen sante li yo te deja bay dwa pou pran desizyon pou li, li te deja genyen. Anplis, mwen sètifye mwen konprann sikonstans aplikan oswa manm lan ase byen pou mwen pran responsablite pou di se bonjan deklarasyon mwen fè pou li pandan pwosesis elijibilite a ak nan lòt komunikasyon m avèk MassHealth ak Health Connector. Eitou, mwen sètifye mwen konprann dwa ak responsablite mwen genyen antanke reprezantan otorize moun sa a (jan yo eksplike li pi wo nan fòmilè sa a). Si moun sa a ka konprann, mwen te di moun lan MassHealth ak Health Connector pral voye yon kopi tout notis elijibilite ak enskripsyon MassHealth ak Health Connector li yo bay mwen epi moun sa a dakò ak sa. Eitou, mwen te di moun sa a li ka retire oswa ranplase mwen antanke reprezantan otorize li nenpòt ki lè ak mwayen yo ki te dekri pi wo a nan fòmilè sa a.

Mwen sètifye tou mwen pral toujou kenbe konfidansyèl tout enfòmasyon konsènan aplikan an oswa manm nan non li anwo a mwen resevwa nan men MassHealth oswa Health Connector.

Si mwen se yon pwofesyonèl swen sante, yon anplwaye, oswa yon benevòl ki asosye ak yon òganizasyon, epi m ap aji antanke yon pwofesyonèl swen sante, anplwaye, oswa yon benevòl ki an rapò ak chwa m kòm yon reprezantan otorize mwen an, mwen sètifye tou mwen pral toujou respekte tout lwa federal ak eta ki apwopriye ak regleman konsènan konfidansyalite enfòmasyon ak konfli enterè tankou sa yo ki etabli nan 42 CFR pati 431, pati segondè F, 42 CFR § 477.10, ak 45 CFR § 155.260(f).

Non manm/aplikan an	Dat manm/aplikan an te fèt (mwa/jou/ane)
Nimewo idantifikasyon MassHealth _____ OSWA kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal aplikan/manm lan _____	
Siyati reprezantan otorize a	Dat la (mwa/jou/ane)
Non reprezantan otorize a (prenon, dezyèm prenon, siyati)	Nimewo telefòn reprezantan otorize a
Adrès reprezantan otorize a (adrès postal ak vil, eta, ak kòd postal)	Adrès imèl reprezantan otorize a

Si reprezantan otorize nan Seksyon II a asosye ak yon òganizasyon, epi l ap aji kòm yon manm òganizasyon an, yon moun ki otorize pou li aji nan non òganizasyon, tankou yon ajan, dwe siyen anba a pou di òganizasyon an okouran epi li dakò avèk reprezantasyon ak garanti yo ki anwo a.

Non ajan an	Tit ajan an
Siyati ajan an	Dat la (mwa/jou/ane)

SEKSYON 3 Deziyasyon reprezantan otorize (si nominasyon an fèt selon lalwa)

Moun ki pou ranpli seksyon sa a se reprezantan otorize nominasyon li an fèt selon lalwa (ak otorite pou li aji nan non aplikan oswa manm lan pou pran desizyon ki gen rapò ak swen sante li tankou yon gadyen legal, yon konsèvatè, yon reprezantan pèsònèl patrimwàn manm oswa aplikan an, moun ki gen pwokirasyon, oswa yon mandatè swen sante li yo deja bay dwa pou pran desizyon pou li.) Tanpri ekri an lèt detache, sof pou kote w ap siyen an. **Tanpri soumèt yon kopi dokiman jiridik ki apwopriye ansanm ak fòmilè sa a.**

Mwen sètifye mwen pral toujou kenbe konfidansyèl nenpòt enfòmasyon konsènan aplikan an oswa manm nan non li anwo a mwen resevwa nan men MassHealth oswa Health Connector.

Non manm/aplikan an	Dat manm/aplikan an te fèt (mwa/jou/ane)
Nimewo idantifikasyon MassHealth _____ OSWA kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal aplikan/manm lan _____	
Siyati reprezantan otorize a	Dat la (mwa/jou/ane)
Non reprezantan otorize a (prenon, dezyèm prenon, siyati)	Nimewo telefòn reprezantan otorize a
Adrès reprezantan otorize a (adrès postal ak vil, eta, ak kòd postal)	Adrès imèl reprezantan otorize a

Kijan yon deziyasyon reprezantan otorize fini?

Si ou decide ou pa vle yon reprezantan otorize **Seksyon I** oswa **Seksyon II** ankò, ou sipoze mete nou okouran lè ou vle chwa reprezantan ou an fini swa pa kourye lapòs, pa faks oswa nan telefòn. W ap jwenn enfòmasyon pou kontakte nou anba a. Si ou voye notis sa a bay nou pa kourye lapòs oswa faks, notis a dwe gen non w, adrès ou ak dat nesans ou, non reprezantan otorize a, yon deklarasyon ki di ou pa bezwen reprezantan ankò ak siyati w oswa, si ou pa ka bay yon notis alekri, siyati yon moun k ap aji pou ou (sa se sèlman nan ka yon reprezantan otorize **Seksyon II**).

An plis, si reprezantan otorize ou a di nou moun oswa òganizasyon sa a pa p aji nan non ou ankò, nou pa p rekonèt moun oswa òganizasyon an ankò kòm reprezantan otorize ou.

Otorite yon reprezantan otorize **Seksyon I** oswa **Seksyon II** ap fini lè aplikan oswa manm lan mouri.

Chwa yon reprezantan otorize **Seksyon III** ap fini lè nominasyon legal li fini. Reprezantan otorize a dwe mete nou okouran nan fason nou di pou li fè sa anwo a.

Anplis, chwa yon reprezantan otorize pou yon timoun minè ap fini nan 18^{èm} anivèsè timoun lan.

Kijan pou mwen soumèt fòmilè a?

Si w ap aplike pou asirans medikal, voye fòmilè chwa yon reprezantan otorize ou ki ranpli bay nou ak aplikasyon ou an.

Si ou deja ap resevwa avantaj yo, ou dwe soumèt fòmilè a ban nou lè ou vle chwazi yon reprezantan otorize, oswa ou vle pou yo anile chwa w te fè a. Pou fè sa

- Voye fòmilè ou a pa lapòs bay
Health Insurance Processing Center
PO Box 4405
Taunton, MA 02780;
- Voye fòmilè ou a pa faks bay **(857) 323-8300**; oswa
- Rele nou nan **(800) 841-2900**, TDD/TTY: **711**.